

**Otorizasyon Yon Sèl Fwa pou Aksede Enfòmasyon Sante Minè
Atravè yon Òganizasyon Echanj Enfòmasyon Sante**

Non Pasyan an	Dat Nesans	Nimewo Idantifikasyon Pasyan an
Adrès Pasyan an		
Founisè Swen Sante		
Dat Sèvis		

M ap mande pou yo aksede enfòmasyon sou sante mwen ki anrapò avèk swen ak tretman mwen jan sa endike nan fòmilè sa a. Mwen ka chwazi si wi oswa non pou m pèmèt "Founisè Swen Sante" ki make pi wo a pou l gen aksè nan dosye medikal mwen yo atravè òganizasyon echanj enfòmasyon sante a ki rele Interboro Regional Healthcare Information Organization k ap opere sou non NY Care Information Gateway (NYCIG). Si mwen bay konsantman mwen, yo ka aksede dosye medikal mwen yo nan diferan kote mwen resevwa swen sante pou sèl fwa sa a defason pou doktè tretan mwen an kapab pi byen ede avèk swen mwen.

Chwa mwen fè sou fòmilè sila a PA bay pwofesyonèl swen sante mwen an pèmisyon pou l gen aksè tout tan nan enfòmasyon sou sante mwen. Aksè sa a se pou YON SÈL FWA SÈLMAN.

Chwa men fè pou Konsantman. Mwen mete YON tchèk nan kaz agòch chwa mwen fè a.
<input type="checkbox"/> 1. MWEN BAY KONSANTMAN MWEN pou "Founisè Swen Sante" gen aksè yon sèl fwa sèlman nan TOUT enfòmasyon elektwonik ki konsène sante mwen atravè NYCIG pou bay swen sante.
<input type="checkbox"/> 2. MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN MWEN pou "Founisè Swen Sante" a gen aksè nan enfòmasyon elektwonik ki konsène sante mwen atravè NYCIG pou kèlkeswa rezon an.

Yo reponn kesyon mwen te genyen konsènan fòmilè sa a epi yo te remèt mwen yon kopi fòmilè a.

Siyati pasyan an	Dat
Non ou ekri avèk lèt majiskil detache	

Detay sou enfòmasyon yo jwenn atravè NY Care Information Gateway (NYCIG) ak pwosedi pou konsantman an:

- 1. Kijan yo ka Itilize Enfòmasyon ou.** Yo pral itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou **sèlman** pou sèvis swen sante swivan yo:
 - **Sèvis Tretman Minè ki gen Konsantman.** Ba w tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman medikal.
- 2. Ki Kalite Enfòmasyon sou Ou ki Enkli.** Si ou bay konsantman ou, Founisè Swen Sante ki gen non li make nan dokiman sila a ka gen aksè YON FWA SÈLMAN A TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante ou ki disponib atravè NYCIG. Sa gen ladann enfòmasyon yo te kreye anvan ak apre dat yo te siyen fòmilè sa a. Dosye medikal ou yo ka gen ladann yon istorik maladi oswa blesi ou te genyen depi anvan (tankou dyabèt oswa yon zo kase), rezilta tès (tankou radyografi oswa tès san), ak lis medikaman ou pran. Enfòmasyon sa a ka gen ladann kondisyon medikal ki delika, ikonpri bagay sa yo, men se pa sa sèlman:
 - Pwoblèm abi alkòl oswa dwòg
 - Planin ak avòtman (planin familyal)
 - Maladi jenetik (moun erite) oswa tès jenetik
 - VIH/SIDA
 - Kondisyon sante mantal
 - Maladi yo transmèt nan fè sèks
- 3. Ki Kote Enfòmasyon sou Sante w yo Soti.** Enfòmasyon sou ou soti nan kote ki ba w swen medikal oswa asirans medikal. Pami yo, ka genyen lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, asirè medikal, pwogram Medicaid, ak lòt òganizasyon ki pataje enfòmasyon sou sante elektwonikman. W ap jwenn yon lis konplè e ki ajou nan NY Care Information Gateway sou sitwèb yo a: www.NYCIG.org.
- 4. Kimoun ki gen dwa jwenn Aksè nan Enfòmasyon ki konsène W, Si ou Bay Konsantman ou.** Se sèl doktè ak lòt manm estaf yo nan Òganizasyon an(yo) kote ou te bay konsantman w pou yo gen aksè ki egzekite aktivite ki otorize nan fòmilè sa a jan nou dekri l nan paragraf 1 pi wo a.
- 5. Aksè Òganizasyon Sante Piblik ak Don Ògàn.** Lalwa otorize ajans sante piblik federal, eta a oswa lokal ak sèten òganizasyon don ògàn pou yo jwenn aksè nan enfòmasyon sante san pasyan an pa bezwen bay konsantman li pou sèten rezon sante piblik ak grèf ògàn. Antite sa yo gen dwa jwenn aksè nan enfòmasyon ou yo atravè NYCIG pou rezon sa yo san konsidere si ou te bay oswa si ou te refize bay konsantman ou, oswa si ou te ranpli yon fòmilè konsantman.
- 6. Sanksyon pou lè yo Aksede oswa Sèvi ak Enfòmasyon ou yo yon fason ki Pa Kòrèk.** Yo enpoze sanksyon lè yo aksede oswa itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou yo yon fason ki pa apwopriye. Si a nenpòt moman ou sispèk yon moun ki pat dwe wè oswa ki pat dwe gen aksè nan enfòmasyon w yo fè sa, rele Founisè Swen Sante a nan: _____; oswa ale sou sitwèb NYCIG a nan: www.NYCIG.org; oswa rele Depatman Sante Eta Nouyòk nan 518-474-4987; oswa swiv pwosesis pou pote plent Biwo Dwa Sivil federal la mete anplas la nan lyen ki annapre a: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/>.
- 7. Divilgasyon Enfòmasyon yo yon lòt fwa.** Kèlkeswa òganizasyon an(yo) ke ou bay konsantman w pou yo gen aksè nan enfòmasyon sou sante ou, òganizasyon sa a ka divilge enfòmasyon sou sante w yon lòt fwa, men sèlman depi lalwa federal ak leta avèk règleman yo pèmèt sa. Yo gen dwa jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou wè ak tretman alkòl/dwòg oswa enfòmasyon konfidansyèl ki anrapò ak VIH epi yo gen dwa divilge enfòmasyon sa yo yon lòt fwa si sèlman yo prezante deklarasyon obligatwa konsènan entèdiksyon divilgasyon yon lòt fwa.
- 8. Peryòd Efektif la.** Fòmilè Konsantman Sa a ap rete efektif SÈLMAN pou dire tretman ke w resevwa nan "Dat Sèvis" ki make a.
- 10. Kopi Fòmilè a.** Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi Fòmilè Konsantman sa a.